

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Secrétariat national
BP 1572
Port-au-Prince Haïti 6110
Tel / Fax 222 78 99
www.forumcitoyen.org.ht/jilap

Pòtoprens, 18 avril 2006

M. Mario Andresol,
Direktè Jeneral PNH
Mme Jessy Cameau Coicou
Enspektè Jeneral Anchèf PNH
Kopi: laprès

Mesye, Madanm,

Komisyon Jistis ak Lapè a salye n ak anpil respè. Men ki sa yon temwen, nou fè anpil konfyans, te fè n konnen :

« Samdi 8 avril 2006 bò 2 :00 PM, nan Pòtay Leyogàn, te genyen yon jèn gason lapolis te tire ak 3 bal, 2 nan kwis ak youn nan senti. Li te atè a, men li pa t kò mouri.

Lapolis te sou plas, kote jèn gason sa a te pase 3 zè tan atè a, san yo pa t vin leve l. Tout moun te kanpe la ap gade jèn gason sa a ki pa t mouri k ap soufri ak plizyè bal nan kò l, k ap tann lanmò. Lè m te pase la nan aswè, yo di m mesye a te mouri la sou plas, san anyen pa t fèt pou li. »

Nou menm nan Komisyon an nou endiye lè n tandè yon evènman konsa. Nou denonse l ak tout fòs nou. Eske se paske yo te pran mesye a pou yon vòlò, ki fè li oblije mouri nan yon sikonstans atwès konsa ? Pou ki sa polisye ki te la yo pa t rele yon anbilans ? Pou ki sa yo pa t ba l swen ? Eske se konsa polisye sa yo kwè y ap mennen lit kont delenkans ?

Travay PNH pa fasil e souvan menm li engra, se vre. Men, yon travay valab pa p ka fèt si pa gen respè pou lavi moun ak pou dwa chak kretyen vivan. Si mesye a te fè sa k pa sa, okenn moun pa kapab antre nan pratik yon jistis popilè pou sa. Se yon jij nan tribinal ki pou jije l epi fikse pèn li merite, selon sa lalwa peyi a di.

Nou menm ki reskonsab nan Lapolis, se devwa n pou fè polisye yo konprann sa. Nou mande pou Lapolis pran reskonsablite l anvè manm li yo ki pa respekte sa pwofesyon yo a mande.

Pou Komite Direktè Nasyonal la,

Pè Jean Hanssens, Direktè